

Disponib kounyè a: Opsyon  
epay avèk asirans FDIC



**Kòmanse epaye lajan jan  
ou pat janm te fè sa avan**

## **Pou reyalize yon pi bon eksperyans nan lavi**

Lwa Pou reyalize yon pi bon eksperyans nan lavi an, (Achieving a Better Life Experience Act - ABLE) otorize eta federe yo kreye plan epay avèk kont envestisman san taks pou moun ki gen andikap.



Program ABLE United lan nan Florida te etabli pou ankouraje epi ede moun ki gen andikap fè epay fon prive pou soutni sante, endependans avèk kalite lavi yo.



888-524-ABLE (2253)



## Elijibilité:

- Pou ou elijib, se pou ou: Rezide nan Florid
- Gen yon anidkap ki elijib
- Gen yon andikap ki te kòmanse avan ou te  
gen laj 26 an

Verifye elijibilité ou nan adrès entènèt [ableunited.com](http://ableunited.com)





## Avantaj:

- Fè epay san riske afekte benefis federal ou
- Fè epay san taks pou depans ki gen rapò avèk andikap lan epi ki elijib
- Enskri pou gratis epi san peye frè antretyen chak mwa

## Kòman pwogram lan fonksonye

Mem jan tankou Roth IRA avèk plan epay 529 pou kolèj lan, yon kont ABLE United se yon kont epay ak envestisman pou garanti avni ou. Moun ki gen andikap se mèt kont lan, men yon lòt moun ki otorize pou sa kapab etabli epi ede jere kont lan.

## Fè epay pou garanti avni ou

Itilize kont ABLE United ou an pou fè epay epi pou envesti pou yon seri depans fiti, tankou pa egzanp:



Sante



Lojman



Edikasyon



Fòmasyon/  
Sipò pou anplwa



Sèvis pwofesyonèl



Sèvis Sipò ak  
Teknoloji Asistans



Transpò



Sèvis finèb ak antèman Lòt depans ki apwouye



## Kontribye

- Enskri pou fè kontribisyon otomatik pou yon montan ki kapab rive minimòm \$5/mwa.
- Envite fanmi ak zanmi ou kontribye nan kont lan a travè paj donasyon ou an
- Etabli objektif pou ede ou respekte plan epay ou te etabli pou tèt ou an

## Retire

Jwenn aksè sou kont ou nan entènèt nan nenpòt moman, epi fè retrè lajan ou lè ou bezwen sa. Ou kapab transfere lajan ou dirèkteman nan yon kont nan labank ki lye avèk kont lan, oubyen sèvi avèk kat prepeye Prepaid ou, ki se yon opsyon fakiltatif, pou gen plis fleksibilite avèk fasilite.

# Opsyon Epay ak Envestisman

Konstwi pwòp pòtfolyo pa ou.

Chwazi pamì divès fon ki make pi ba yo selon objektif epay pa ou:

**FDIC Savings Fund**  
Fon Epay ki asire nan FDIC

**Money Market Fund**

Tit sou revni fiks ki gen yon kòt ki wo anpil, sou koutèm

**U.S. Bond Fund**

Yon reprezantasyon jeneral divès obligasyon leta nan nivo nasyonal epi obligasyon konpayi prive emèt

**U.S. Stock Fund**


Yon reprezantasyon jeneral divès tit patisipatif nan nivo nasyonal

**International Stock Fund**


Yon reprezantasyon jeneral divès tit patisipatif mondyal nan mache ki devlope

## Oubyen chwazi yon pòtfolyo ki deziyen alavans.


Chwazi youn nan twa diferan pòtfolyo pwofesyonèl ki deziyen alavans epi ki jere pwofesyonèlman pou ede ou respekte objektif envestisman ou yo.



Strateji Pridan



Strateji Modere



Strateji Kwasans

## Mete opsyon envestisman ou yo ajou.

Refè alokasyon fon envestisman yo 2 fwa maksimòm nan chak ane.

Jestyonè epay ak envestisman nou yo:



Vanguard

BLACKROCK®

FLORIDA  
PRIME™



BNY MELLON

## Kòmanse fè epay Jodi menm

Ouvè yon kont sou entènèt nan adrès ableunited.com. Enskripsyon an rapid, fasil epi gratis.

- Bay enfòmasyon ki idantifye ou
- Sètifye elijibilite ou
- Pou kòmanse, kontribisyon minimòm lan se sèlman \$25





## Enfòmasyon Rapid


- Si wap travay, epi ou pakò ap fè epay pou retrèt ou, ou kapab mete lajan anplis nan kont ABLE United ou an.
- Fidisyè bezwen spesyal ou kapab finanse kont ABLE United ou.
- Retounen Plan Depay pou Kolèj 529 lan nan Kont ABLE United ou an.



# Èske ou pare pou aprann plis?

[www.ableunited.com](http://www.ableunited.com)

888-524-ABLE (2253)



Enfòmasyon sa yo sèvi pou enfòme sèlman. Yo pa reprezante konsèy nan afè lajistik ni konsèy nan afè envestisman. Reflechi byen pou wè objektif, riks, frè ak depans ki ta genyen avan ou envesti. Gen posibilité pou moun pèdi lajan lè yo envesti nan pwogram sa a. Silvouplè, pran tan pou ou li Deskripsyon Pwogram lan avèk Akò sou Patisipasyon an.